



6TH ANNUAL

Little Haiti Book Festival

FOLI LIV NAN TI AYITI

MAY 5 & 6, 2018
LITTLE HAITI CULTURAL COMPLEX





ReadCaribbean panel at Miami Book Fair 2017

The Little Haiti Book Festival is part of Miami Book Fair's ReadCaribbean Program.



ReadCaribbean is a series of readings, discussions, writing workshops and more highlighting the vibrant and diverse literary culture of the Caribbean. It is a Miami Book Fair program created with the support of the Green Family Foundation and the Kimberly Green Latin American and Caribbean Center.



SAVE THE DATE!

Two full days of Caribbean literature discussions and more during Miami Book Fair's Street Fair.

November 17 & 18, 2018

Dear friends,

Welcome to the 2018 Little Haiti Book Festival, where established and emerging talents have been invited to present their work, conduct creative workshops, and participate in an exchange of ideas.

We believe in the transformative power of the arts. Panels with authors, children's activities, traditional and modern music, samba and spoken word poetry, food and street art, Vodou immersion: The Festival serves as a point of cultural pride for Little Haiti, adding immensely to the cultural richness of the area. It is crucial to keeping our community alive, bringing thousands of people together to share a profound experience. It has become part of our collective identity and a needed catalyst for revitalization.

A very special thank you to our Miami Book Fair at Miami Dade College team, and to our partners at Sosyete Koukouy, especially Myrtha Wroy, and of course, Jan Mapou, who dreamed of this Festival of which we are honored to be part.

Michèle Jessica Fièvre

Program Coordinator, ReadCaribbean
and Little Haiti Book Festival
Miami Book Fair at Miami Dade College

Lissette Mendez

Programs Director
Miami Book Fair at Miami Dade College

ATYABA POU NOU TOUT ! Se ak anpil plezi e ak kè kontan, nan non Sosyete Koukouy, mwén swete tout moùn atyaba nan sisyèm ane **FOLI LIV NAN TI AYITI**. Sosyete Koukouy, premye mouvman literè nan lang kreyòl ayisyen an, bay lebra ak Miami Book Fair ki gen 35 ane eksperyans, pou nou reyalize kokennchenn evennman literè sa a. Miami Book Fair se pi gwo aktivite lakilti nan peyi Etazini.

Nou renmèsye tout volontè yo, estaf ki travay san pran souf depi 6 mwa ak tout pwofesyonèl nan kominote-a ki kore nou pandan sis ane sa yo e ki penmèt reyalizasyon bél aktivite literè sa-a nan yon moman Ti Ayiti an difikilte transfòmasyon jantriflikasyon.

Jodi a, se yoùn nan pi bél okazyon pou ekriven pale, diskite epi pataje ak piblik la espéryans ak kreyasyon literè yo. Yon lòt fwa ankò Sosyete Koukouy di nou mèsi. Tanpri achte yon liv. Ankouraje otè yo.

Jan Mapou

Sosyete Koukouy

LITTLE HAITI BOOK FESTIVAL VOLUNTEER STEERING COMMITTEE:

Myrtha Wroy · Sherley Louis · Cergine Cator-Eusebe


Saturday, May 5

6 p.m.	Montage Poétique (p. 6) Auditorium
7 p.m.	Haiti: Facts & Fiction — Edwidge Danticat and Jacqueline Charles (p.6-7) Auditorium

Sunday, May 6

LITERARY DISCUSSIONS	WORKSHOPS	KIDS	ENTERTAINMENT
12 p.m.	12 P.M. The Poetry in the Art of Wilfrid Daleus (p. 11-12) Gallery	12 P.M. Michael Gil's Musical Petting Zoo (p. 8) Courtyard	12:30 P.M. Folk-music traditions with Aroze Twoubadou (p. 9) Marketplace
1 p.m.	1 P.M. Contemporary Fann Vanyan (p. 13-14) Auditorium	1 P.M. Dance-A-Story with Lucrèce Louisdhon-Louinis (p. 8) Art Studio	
2 p.m.	2:30 P.M. Feeding the Body, Nourishing the Soul: Haiti's Medicinal Herbs and Cuisine (p. 16) Auditorium	2 P.M. Publishing for Debut Authors (p. 15) Community Room	2 P.M. Stories and Drums with Weiselande "Yanui" Cesar (p. 9) Courtyard
3 p.m.			3 P.M. Venus Rising Women's Drum & Dance Ensemble (p. 8) Courtyard
4 p.m.	4 P.M. Haiti: Zombification and Identity (p. 18-19) Auditorium	4 P.M. Proverbs and Comic Books (p. 17) Community Room	4 P.M. Drumming workshop with Inez Barlatier (p. 9) Art Studio
			4 P.M. Folk-music traditions with Aroze Twoubadou (p. 9) Marketplace

Festival Map



Saturday, May 5 / 6 p.m.



Montage Poétique / Montaj Powetik

AUDITORIUM

Based on the work of **KIKI WAINWRIGHT**.
Dance, drums, and samba poetry.

Dans, tanbou, ak pwezi sanmba. Baze sou
èv powetik **KIKI WAINWRIGHT**.



Saturday, May 5 / 7 p.m.



Haiti: Facts & Fiction / Ayiti: Verite Ak Fiksyon

AUDITORIUM

Fieldwork, immersion, interviews, and archival research: Award-winning writer **EDWIDGE DANTICAT**, author of *The Art of Death*, and award-winning foreign correspondent **JACQUELINE CHARLES** will discuss the role of research in their writing. How do they balance library research and lived experience? How do they make history and facts interesting? What are the possibilities for harm, inaccuracy, or success? Our keynote speakers will debate their methods and the ethics around their search for emotional, cultural, historical, and geographical accuracy. A presentation in English with simultaneous interpretation into Creole.

Travay sou teren, eksperyans entansif, entèvyou, ak rechèch nan achiv: **EDWIDGE DANTICAT**, ki se otè The Art of Death, ak jounalis Miami Herald, **JACQUELINE CHARLES**, pral diskite ki wòl rechèch jwe lè y ap ekri. Kijan yo balanse rechèch nan bibliyotèk ak eksperyans lavi? Kijan yo fè fiksyon ak resi toutbon vin enteresan? Ki risk ki genyen pou yo fè moun ditò, pou yo pa di bagay yo jan yo ye a, e ki estrateji ki pèmèt yo fè bon travay? Nou envite konferansye sa yo fè deba sou metòd yo, epitou sou etik ki antoure rechèch yo fè pou bay enfòmasyon kòrèk onivo emosyonèl, kiltirèl, istorik, ak jeyografik. An angle avèk entèpretasyon nan lang kreyòl.

(CONTINUED ON PAGE 7)

Special thanks to our Masters of Ceremonies:



MARIE FLORE
LINDOR-LATORTUE



MARLEINE BASTIEN

EDWIDGE

DANTICAT was born in Haiti in 1969 and came to the United States when she was twelve years old. She graduated from Barnard



College and received an M.F.A. from Brown University. Following her auspicious debut, the novel *Breath, Eyes, Memory*, Danticat has gone on to author and edit many acclaimed and award-winning works of fiction and nonfiction, including *Krik? Krak!* (a National Book Award finalist) *The Farming of Bones* (an American Book Award winner) *Behind the Mountains, The Dew Breaker, Claire of the Sea Light* and *Brother, I'm Dying*, which was a finalist for the National Book Award and a winner of a National Book Critics Circle Award for autobiography, and her memoir, *The Art of Death: Writing the Final Story*. She has also written several young adult novels and a travel narrative, *After the Dance, A Walk Through Carnival in Jacmel*.

EDWIDGE DANTICAT te fèt nan peyi Dayiti an 1969 epi li te vin Etazini lè li te gen douzan. Li te gradye nan Barnard College epi te resevwa yon metriz nan boza nan men Brown University. Apre yon debi favorab avèk woman li an *Breath, Eyes, Memory* (yon seleksyon nan Klèb Lekti Oprah a), Danticat kontinye ekri epi edite plizyè èv fiksyon ak resi (nonfiksyon) asiksè ki resevwa gwo pri, tankou paregzanp *Krik? Krak!* (yon finalis National Book) *The Farming of Bones* (yon gayan American Book Award) *Behind the Mountains, The Dew Breaker, Claire of the Sea Light* ak *Brother, I'm Dying*, ki te finalis pou National Book Award ak gayan National Book Critics Circle Award pou otobyografi.

Born on Grand Turk Island of the Turks and Caicos and raised in Miami, **JACQUELINE CHARLES** is an American journalist and Pulitzer Prize finalist. Charles



began her career in journalism in 1986 as a 14-year-old high school intern at the *Miami Herald*, where she is currently an Emmy Award-winning Caribbean Correspondent. She has won the NABJ Journalist of the Year for coverage of the devastating Haiti 2010 earthquake, was a 2011 Pulitzer Prize finalist for that same coverage, and won a Region Emmy for her role as co-producer on the Herald produced-documentary, *Nou Bouke ("We Are Fed Up")* from the Academy of Television Arts & Sciences. *The Miami New Times* newspaper named her Reporter of the Year. She also won the 2011 Paul Hansell Award, named in honor of a longtime Florida bureau chief for The Associated Press.

JACQUELINE CHARLES se yon jounalis ameriken ki te finalis pou Pri Pulitzer a. Charles te genyen yon Emmy kòm Korespondan Karibeyen nan Miami Herald. Charles te fè sou Grann Zil Tik nan Zil Tik ak Kayik yo. Se te sèl pítit yon manman ayisyen ak yon bopè kiben epi li te vin rete nan Etazini a laj setan, kote fanmi li te tabli nan Miami. Li te kòmanse karyè li nan jounalis a 14 an 1986 kòm yon estajè dezyèm sik segondè nan Miami Herald. Li gradye nan Miami Jackson High School, nan Booker T. Washington Junior High ak nan Dunbar Elementary nan Overtown, epi nan University of North Carolina at Chapel Hill's School of Journalism and Mass Communication an 1994. Anvan li te vin ap okipe kesyon entènasyonal, Charles te konn fè repòtaj lokal, sitou sou zòn pòv yo nan Miami.

Sunday, May 6 / All day



Children's Activities / Timoun, Vin Danse!

VARIOUS LOCATIONS

With great power and presence, the drum remains Haiti's most significant musical instrument. With the help of storytellers, dancers, musicians, and visual artists, our little ones will explore traditional Haitian customs in a fun and interactive way.

*Gras a pisans ak prezans
eksepsyonèl li, tanbou a se
enstriman ki pi enpòtan nan peyi
Dayiti. Non sèlman li se batman
venn mizik ayisyen an, li sèvi tou
kòm yon zouti komunikasyon kiltirèl.
Anrasine byen fon nan orijin afriken
peyi a, tanbou a sèvi alafwa nan
reprézentasyon ak nan dimansyon
senbolik la pou komunikasyon kiltirèl
ki antre nan mizik ak nan dans.*

Don't miss afro-Cuban artist **MICHAEL GIL'S Musical Petting Zoo**, an engaging hands-on exhibit of indigenous African and Caribbean instruments.
(12 P.M., COURTYARD)



*Pa rate zou mizikal la (Musical Petting Zoo), yon eksposisyon pratik ak enteresan atis afwo-kiben an **MICHAEL GIL** organize sou enstriman afriken ak karibeyen.*
(12 P.M., NAN LAKOU A)

Krik! Krak! **LUCRÈCE LOUISDHON-LOUINIS**

invites the entire family to Dance-A-Story. This interactive and bilingual presentation engages participants of all ages with storytelling, singing, and drumming. (1 P.M., KIDS ART MAKING STUDIO)

*Krik! Krak! **LUCRÈCE LOUISDHON-LOUINIS** invite tout fanmi an vin danse yon istwa (Dance a Story). Prezantasyon entèraktif ak bileng sa a kenbe atansyon patisipan tout laj avèk kont, chante, ak tanbou. (1 P.M., NAN ATELYE ATISTIK POU TIMOUN NAN)*

VENUS RISING WOMEN'S DRUM & DANCE ENSEMBLE, an all women drum and dance group, will offer an *Interactive Dance and Drum Performance*.
(3 P.M., COURTYARD)



VENUS RISING WOMEN'S DRUM & DANCE ENSEMBLE, yon gwoup tanbou ak dans ki gen fi sèlman ladan, pral ofri yon reprézentasyon dans ak tanbou entèraktif.
(3 P.M., NAN LAKOU A)

Attend a **Drumming Workshop** with **INEZ BARLATIER** (4 P.M., KIDS ART-MAKING STUDIO) who will also perform with her father, **JAN SEBON** (2 P.M., MARKETPLACE), one of the leading Haitian musicians in Miami.



Vin aprann jwe tanbou avèk **INEZ BARLATIER** (4 P.M., NAN ATELYE ATISTIK POU TIMOUN NAN) ki pral jwe avèk papa li tou, **JAN SEBON** (2 P.M., NAN MACHE A) ki selè depi 25 an kòm youn nan pi bon mizisyen ayisen yo nan Miami.

More dancing, more music! **WEISELANDE "YANUI" CESAR** will entertain the children with **Stories and Drums** (2 P.M., COURTYARD), and the young Haitian musicians of **AROZE TWOUBADOU**

will interpret **Folk-music Traditions** with a unique personable warmth (12:30 & 4 P.M., MARKETPLACE).

*Plis dans toujou.
Plis mizik toujou!*

WEISELANDE

"**YANUI" CESAR** pral amize timoun yo avèk istwa ak tanbou (2 P.M., NAN LAKOU A), epi jèn mizisyen ayisen **AROZE TWOUBADOU** yo pral entèprenre mizik fòlklorik tradisyonèl avèk yon chalè senpatik san parè (12:30 & 4 P.M., NAN MACHE A).



And there will be ART! Visit the KIDS ART-MAKING STUDIO all day for hands-on activities connecting literature to arts and craft with **GOGO MOAD**, and get ready to be amazed by the **Letterpress Printing Demos** with **TOM VIRGIN**.



Epi ap gen aktivite ATISTIK! Vizite Atelye Atistik pou Timoun nan pandan tout jounen an pou aktivite pratik ki fè relasyon ant literati ak travo mènyèl avèk **GOGO MOAD**, epi pare pou w bèbè devan demonstrasyon enpresyon an relyèf yo avèk **TOM VIRGIN**.



BOOKS FOR FREE!

Courtesy of Miami Book Fair and The Children's Trust's Read to Learn Books for Free program. (ALL DAY, COURTYARD)



Children's activities at the 2018 Little Haiti Book Festival are programmed in collaboration with



Sunday, May 6 / All day



An Island Luminous

CARIBBEAN MARKETPLACE

"An Island Luminous" is a site to help readers learn about Haiti's history.

Created by historian Adam M. Silvia and hosted online by Digital Library of the Caribbean, An Island Luminous combines rare books, manuscripts, and photos scanned by archives and libraries in Haiti and the United States with commentary by over one hundred (100) authors from universities around the world.

"Island Luminous" se yon sit pou ede moun aprann istwa d Ayiti. Se istwayen Adam M. Silvia ki kreye l, epi se Digital Library of the Caribbean ki pèmèt nou jwenn ak resous sa a sou entènèt. "Island Luminous" mete liv espeyal, maniskri, ak foto ki eskane atravè achiv e bibliyotèk an Ayiti ak Etazini, epi avèk plis pase san (100) kòmantè otè nan inivèsite atravè lemonn ekri sou yo.



Haiti: An Island Luminous

THE DIGITAL LIBRARY OF THE CARIBBEAN

(dLOC) is a cooperative of partners within the Caribbean and circum-Caribbean that provides users with access to Caribbean cultural, historical and research materials held in archives, libraries, and private collections. dLOC comprises collections that speak to the similarities and differences in histories, cultures, languages and governmental systems. Types of collections include but are not limited to: newspapers, archives of Caribbean leaders and governments, official documents, documentation and numeric data for ecosystems, scientific scholarship, historic and contemporary maps, oral and popular histories, travel accounts, literature and poetry, musical expressions, and artifacts.

An Island Luminous was built with generous support from the Green Family Foundation. Additional financial assistance was provided by the Latin American and Caribbean Center and Libraries at Florida International University.



GREEN FAMILY
FOUNDATION

FIU
FLORIDA
INTERNATIONAL
UNIVERSITY

UF
UNIVERSITY of
FLORIDA

Sunday, May 6 / 12 p.m.



The Poetry in the Art of Wilfrid Daleus / Pwezi nan Zèv Atistik Wilfrid Daleus

GALLERY

Miami poet **YADDYRA PERALTA** will lead an Ekphrastic Poetry workshop, guiding you to look closely and describe the art of Haiti-born artist Wilfrid Daleus. Ekphrastic poetry ("poetry about art") is written in response to an artwork, where the author comments on or interacts with the action of the work, or connects the art with some aspect of his/her life. Learn more about this creative process and get inspired by the Daleus collection at the Little Haitian Cultural Center gallery.

- 12 p.m. – Introduction by **JEAN-CLAUDE EXULIEN**
- 12:30 p.m. – Guided tour of the Daleus exhibit, with gallery curator **MARIE VICKLES**
- 1 p.m. – Ekphrastic Poetry Workshop

Powèt **YADDYRA PERALTA** (Miami) pral dirije yon atelye sou "Pwezi Ekfrastik" epi gide ou pou byen obsèv epi dekri yon zèv atistik atis ayisyen Wilfrid Daleus. Pwezi ekfrastik sa a, ki se yon pwezi sou atizay, se yon fòm pwezi espesyal kote otè a ap kòmant oswa reyajì sou mesaj zèv atis la oswa konekte zèv atistik la ak kèk aspè nan lavi atis la. Lektè osnon oditè a vizyonen zèv atistik la kòmsi atis la te prezan fizikman, gras a eksplorasyon yon teknik kwazman ant langaj ak lèza vizyèl. Vin aprann plis sou pwosede kreyasyon sa a epi konprann enspirasyon koleksyon zèv Wilfrid Daleus yo pral degaje nan galri Sant Kiltirèl Ayisyen an. Nou pral diskite sou kijan tèks yo ap adapte nan domèn konseptyèl ak materyèl epi patisipe nan pratik lòt aktivate atistik, pou devlope teknik atistik.

- 12 p.m. – Pwofesè **JEAN-CLAUDE EXULIEN** pral pale sou lavi Wilfrid Daleus
- 12:30 p.m. – **MARIE VICKLES** ki prepare eksposizyon an an fè yon prezantasyon
- 1 p.m. – Atelye "Pwezi sou Atizay" avèk **YADDYRA PERALTA**

(CONTINUED ON PAGE 12)



In Memoriam Joseph Wilfrid Daleus

1949 – 2017



YADDYRA PERALTA

is a poet whose work is forthcoming or has appeared in *Miami Rail*, *Ploughshares*, *Tigertail*, *Abe's Penny*, *Hinchas de Poesia* and *Eight Miami Poets* (*Jai Alai Books*).

She teaches writing at Miami Dade College, poetry workshops at Homestead Correctional Institution, in partnership with Exchange for Change, and is a visiting poet for O, Miami's Sunroom. Yaddyra is also Assistant Director of the Palm Beach Poetry Festival.



YADDYRA PERALTA se yon powèt ki pibliye (oswa pral pibliye) èv li nan *Miami Rail*, *Ploughshares*, *Tigertail*, *Abe's Penny*, *Hinchas de Poesia* ak *Eight Miami Poets* (*Jai Alai Books*). Li anseye ekriti nan Miami Dade College, li anime yon atelye pwezi nan Homestead Correctional Institution nan tèt ansanm avèk Exchange for Change, epi li se yon powèt envite nan O, Miami's Sunroom. Yaddyra se Direktè Adjwen Palm Beach Poetry Festival.

JEAN-CLAUDE EXULIEN

EXULIEN is a renowned Haitian historian born in Port-au-Prince. He is the founder of the National Theater of Haiti which opened in 1972 and served as one of the first three employees of the Haitian American Community Association of Dade County from 1977-1979. He was also one of the founding members of Konbit Libète. He currently works as a program director and instructor at the Center for Information and Orientation in Little Haiti, where he has resided with his wife and four children for over 29 years.

**JEAN-CLAUDE EXULIEN** fèt nan vil Pòtoprens.

Li etidyé nan Inivèsite Deta Dayiti kote an 1961 li resevwa diplòm antwopoloji epi an 1968 diplòm ekonomi. Li fonde Teyat Nasyonal Dayiti ki ouvè an 1972. Li vin rete Miami nan dat 8 me 1977. Jean-Claude Exulien se te youn nan twa premye anplwaye Asosasyon Kominote Ayisyano-Ameriken Konte Dade la (H.A.C.A.D.) ant 1977 e 1979. Epitou li te youn nan manm ki te fonde Konbit Libète a. Jean-Claude Exulien se yon istoryen sou Ayiti anpil moun rekònèt. Kounyeaya l ap travay kòm direktè pwogram ak edikatè nan Center for Information and Orientation [Sant Enfòmasyon ak Oryantasyon] nan Little Haiti. Li rete ansanm avèk madanm li ak kat pitit li yo nan kè Little Haiti depi plis pase ventnevan.

MARIE VICKLES

is a public arts program coordinator and seasoned teaching-artist. As the Visual Arts and Crafts Coordinator for the Little Haiti Cultural Center, Marie is focused on creating high-quality and accessible art programs for the residents of Little Haiti and South Florida. Marie is proud to serve the City of Miami as a member of the Arts & Entertainment Council and looks forward to contributing to the ever-growing arts community that calls Miami home.



MARIE VICKLES se yon kowòdonatè pwogram atistik publik ak yon pwofesè lèza eksperimente ki travay nan Etazini ak nan Karayib yo pou òganizasyon publik kou prive ki panche sou lèza. Kòm Kowòdonatè Travo Mànayèl Vizyèl nan Little Haiti Cultural Center, Marie konsantre sou kreye pwogram atistik kalite siperyè ak aksesib pou rezidan yo nan Little Haiti ak Sid Florida. Marie fyè sèvi Vil Miami kòm manm nan Konsèy pou Lèza ak Amizman an (Arts & Entertainment Council) epi li pa ka tann pou li kontribye nan kominote atistik ki pa janm sispann laji a nan Miami.

Sunday, May 6 / 1 p.m.

Contemporary Fanm Vanyan / Fanm Vanyan Jodi a

AUDITORIUM

Four motivational women writers will offer a brief discussion of their varying journeys toward first-book publication. Each author will share their experience about what it takes to stand out from the crowd, explore the creative and practical possibilities of self-help writing, and discuss how they've broken free of the limitations and biases that can keep women from the transgressive act of writing honestly about their lives. With **REBECCA N. CARMANT**, author of *Sunshine on Stormy Seas*, **FRANÇOISE ELIZÉE**, author of *Haiti Rediscovered*, **NATHALIE NÉRÉE**, author of *Stand in Faith*, and **KARA VAVAL FERRIER**, author of *28,000 Days*. In English, with simultaneous interpretation in Haitian Creole.

*Malgré bann limitasyon ak atant sosyete ayisen an mete sou fanm yo, ekriven fanm yo jwenn vwa yo epi inspire lòt moun. N ap gen kat ekriven motivatè ki pral ofri yon diskisyon kout sou differan pakou yo te fè pou pibliye premye liv yo, sa gen ladan preparasyon maniskri an epi travay avèk gid yo. Chak otè pral pale de eksperyans li sou kisa sa mande pou w sòti nan foul la, eksploré posibilité kreyatif ak pratik yo lè w ap ekri pou ede tèt ou, epi diskite sou kijan yo libere tèt yo de limitasyon kiltirèl yo ak prejje (en)konsyan yo ki pafwa anpeche fanm yo poze zak sa a ki pa respekte règ yo, ki se ekri onètman sou vi yo. Avèk **REBECCA N. CARMANT**, otè *Sunshine on Stormy Seas*, **FRANÇOISE ELIZÉE**, otè *Haiti Rediscovered*, **NATHALIE NÉRÉE**, otè *Stand in Faith*, ak **KARA VAVAL FERRIER**, otè *28,000 Days*. Nan lang angle, avèk entèpretasyon an kreyòl ayisen.*

REBECCA N.

CARMANT is the author of *Sunshine on Stormy Seas*, a poetry collection that gives voice to the battles the Haitian-American writer

faces as a woman of color, a person of faith, and the mother of an autistic child. Carmant holds a Master's degree in Education and is pursuing a doctoral degree in Leadership. She advocates for many causes, including autism and social justice.



REBECCA N. CARMANT se otè *Sunshine on Stormy Seas*, yon koleksyon pwezi ki eksprime batay ekriven ayisyano-ameriken an ap konfwonte kòm yon fanm koulè, yon moun ki gen lafwa, ak manman yon timoun otistik. Carmant gen yon metriz nan edikasyon epi l ap travay pou yon doktora nan lidèchip. Li defann anpil kòz, tankou paregzanp otis ak jistis sosyal.

Born in Haiti,

FRANÇOISE ELIZÉE

relocated to Miami at age 13. She holds a Bachelor's degree in Marketing and a Master's degree in International Business from the University of Miami. She's an entrepreneur and an artist whose fashion label, Françoise Elizée Collections, has been featured in magazines such as *In Style*, *Elle* and *Glamour*. Made from exotic materials, her handbags and accessories are sold around the world. Françoise is author of *Haiti Rediscovered: The Quintessential Potomitan*, a tribute to hardworking and creative Haitian women entrepreneurs, to their impeccable aesthetic, talent, and contribution to the culture.



(CONTINUED ON PAGE 14)

FRANÇOISE ELIZÉE, ki te fèt Ayiti, te vin rete nan Miami a laj 13 an. Li gen yon diplòm lisans nan maketin ak yon metriz nan komès entènasyonal li rerevwa nan men University of Miami. Li se yon antreprenè ak yon atis epi mak de mòd li an, Françoise Elizée Collections, te parèt nan magazin tankou paregzanp In Style, Elle ak Glamour. Sakamen ak akseswa li yo, ki fèt avèk materyèl orijinal, vann toupatou nan lemonn. Françoise se otè Haiti Rediscovered: The Quintessential Potomitan, yon omaj pou antreprenè fi ayisyen kreyatif k ap travay di yo, pou estetik enpekab yo, talan yo, ak kontribisyon yo nan kilti a.

Dr. **NATHALIE NÉRÉE** is an educator, a writer, and a spiritual mentor. She's served as a special education teacher, a curriculum coordinator for special education and assistive technology, and an associate principal at the middle school and high school levels. The daughter and granddaughter of pastors, Nathalie is the author of *Stand in Faith* (Balboa Press, 2016). She's a devoted mother to her two children, Benazir and Leslie.

Dtè. **NATHALIE NÉRÉE** se yon anseyan, yon ekriven, ak yon gid espirityèl. Li jwe wòl pwofesè ansèyman espesyal, kowòdonatè kourikoulòm pou ansèyman espesyal ak teknoloji asistans, ak chèf etablisman asosye nan nivo premye ak dezyèm sik segondè. Nathalie se pitit ak pitit-pitit pastè ; li se otè *Stand in Faith* (Balboa Press, 2016). Li se yon manman devwe pou de pitit li yo, Benazir ak Leslie.

With a Juris Doctor from Nova Southeastern University, **KARA**

VAVAL FERRIER is an attorney with a thriving personal injury law practice in Davie, Florida.

She's also a wife, a mother, and an avid tennis player. She's the author of *28,000 Days: Make Yours Count!*, a raw, unapologetic, and empowering look at modern life.

KARA VAVAL FERRIER, ki te fèt nan peyi Dayiti, se yon avoka ki gen yon kabinè dwa pou donmaj kòporèl nan Davie, Florida. Li marye, gen pitit, epi renmen jwe tenis tou. Li se otè *28,000 Days: Make Yours Count!*, yon pwendvi kri, san eskiz, epi ki bay mwayen kontwòl sou lavi modèn.



Sunday, May 6 / 2 p.m.



Publishing for Debut Authors / Piblikasyon pou Otè Debitan

COMMUNITY ROOM

This workshop can prepare you to be part of the exciting future of publishing. Book production is more accessible than ever, with a wide range of formats and options for authors to choose from. A representative of Édition Delince will teach authors about the interactive steps involved in the process of a book launch, demystifying the process from conception and submission, through editing, production, marketing, and beyond. For the Q&A, **ÉDITION DELINCE** will be joined by **ROMANE ARMAND**, who will present the Book of Rhymes for children.

Endistri edisyon an ap sibi yon kokennchenn revolisyón, avèk piblikasyon endepandan ki vin yon fòs trè enpòtan nan monn liv yo. Pwodiksyon liv vin pi aksesib pase jan li te janm ye, avèk yon gran chwa fòma ak opsyon. Atelye sa a kapab prepare ou pou fè pati avni enteresan sa a. **Édition Delince** pral montre otè yo etap entèraktif yo ki fè pati pwosesis lansman yon liv. Depi nan konsepsyon ak soumisyon pase pa koreksyon, pwodiksyon, maketin, rive apre sa, **ÉDITION DELINCE** pral devlope pwosesis la pou nou. Pandan sesyon Keksyon-Repons lan, **ROMANE ARMAND** ap vin jwenn reprezantan Édition Delince lan pou prezante yon aktivite li kreye pou timoun, ki rele Book of Rhymes.

In Memoriam:

YOLANDE THOMAS ALYAS: MAN LASIRÈN

13 Me, 1931– 5 Mas, 2018

Nan Mwa mas 2018 ki sot pase la a, Sosyete Koukouy pèdi sanzatann yon manm enpòtan nan organizaşyon an: Yolande Thomas ki te gen non vanyan: Man Lasirèn. Yolande Thomas malgre laj li (86 ane) te Koukouy tout bon. Li te youn nan manm fondatè Koukouy Nouyòk nan ane 1981, yon ekip solid ki t ap fè chou-e-rav nan domèn literè ak teyatral.

Rive nan Miyami, Yolande se youn nan manm fondatè Sosyete Koukouy Miami nan salon lakay li nan Southwest. Li te gen konfyans nan travay edikasyon nan Mouvman Kreyòl Ayisyen ki te derape depi 1965 an Ayiti. Li te kwè nan misyon Koukouy yo nan dyaspora; yon filozofi neo-endijenis ki se : defann entegralman lang ak kilti pèp la epi patisiye nan travay edikasyon kominate nou yo.

Yolande te yon atis. Yon bon chantè. Li te gen yon vwa swa, yon vwa luil ki koule dou nan tande nou. Li te aktè tou. Premye aktè nan yon peyi. Li patisiye nan plis pase 20 pyèsteyat Sosyete Koukouy; nan Nouyòk ak nan Miyami. Li toujou jwe wòl prensipal yo. Yolande damou fou kouri pou teyat, meyè zouti pou edikasyon mas yo. Dayè li pa t kache l. Li te di : lè li sou sèn, lì se yon lòt moun. Li transfòrmé ni nan vwa-l, ni nan kò l pou l'rantre an komunikasyon dirèk ak publik la.

Bon katolik, Yolande pase tout vi l ap sèvi pawasyen nan Legliz Sakrekè Nouyòk ak Notredam Dayiti nan Ti Ayiti. Epitou, se chak dimanch, pandan 15 lane, depi 8-è di maten Yolande ap pote bonjan enfòmasyon nan radyo Mega (1700AM) sou plant ak pyebwa nan peyi Ayiti nan pwogram edikatif emisyon radyo : Antèn Koukouy.

Pou Koukouy yo, Yolande... te yon manman, yon sè, yon kouzin sensè, entèg, yon fanm total-kapital ki te bay tout kè l, tout nanm li, tout ti tout li, pou leve eskanp figi kominate Ayisyen an ak peyi li Ayiti. Pou sizièm anivèsè Little Haiti Book Festival la, Tout Koukouy yo bese byen ba pou salwe memwa. Fanm Vanyan sila a ki yon modèl pou nouvo jenerasyon an.

Jan Mapou

Biwo Santral – Sosyete koukouy
Prezidan



Sunday, May 6 / 2:30 p.m.

Feeding the Body, Nourishing the Soul: Haiti's Medicinal Herbs and Cuisine / Bay Kò a Manje, Nouri Nanm nan: Fèy Medisinal ak Manje Ayisyen

AUDITORIUM

A professional chef and a medical doctor explore the various ways that Haitians preserve the cooking traditions of the motherland and use medicinal food to heal both body and soul. With **FRANTZ DELVA**, author of *The Art of Healthy Eating: Let Food be Your Medicine* and **NADÈGE FLEURIMOND**, author of *Haiti Uncovered: A Regional Adventure into the Art of Haitian Cuisine*. Moderated by Ms. **LEONIE HERMANTIN**. In Haitian Creole, with simultaneous interpretation in English.

Pwovèb ayisyen an di, Moun ki pa manje pou kò l pa janm grangou. Pànèl sa a plonje nan kuizin ayisyen ak medsin tradisyonèl la. Yon chèf-kizinye ak yon doktè lamedsin pral eksploré diferan jan Ayisyen prezèvè tradisyon yo nan prepare manje peyi zansèt yo ak nan sèvi avèk fèy kòm renmèd pou geri kò a kou nanm nan. Avèk **FRANTZ DELVA**, otè *The Art of Healthy Eating: Let Food be Your Medicine* ak **NADÈGE FLEURIMOND**, otè *Haiti Uncovered: A Regional Adventure into the Art of Haitian Cuisine*. Moderatè: **LEOMIE HERMANTIN**. An kreyòl ayisyen, avèk entèpretasyon nan lang angle.

FRANTZ DELVA is the author of *The Art of Healthy Eating: Let Food be Your Medicine*, a nutrition and health education manual promoting clean living and eating.



FRANTZ DELVA se otè *The Art of Healthy Eating: Let Food be Your Medicine*, yon mènyèl edikasyon sou nitrisyon ak sante ki ankouraje vi sen ak manje natirèl.

NADÈGE

FLEURIMOND is the author of *Haiti Uncovered: A Regional Adventure into the Art of Haitian Cuisine*.



NADÈGE

FLEURIMOND

se otè *Haiti Uncovered: A Regional Adventure into the Art of Haitian Cuisine*.

LEONIE HERMANTIN

was born in Haiti and grew up in New York City. She has more than 20 years of grassroots community experience in Miami's Haitian community. In 2011, Ms. Hermantin launched her own consulting firm, Hermantin Consulting, LLC. One of her most profoundly rewarding experiences has been to work with PRODEV, a Haitian-led foundation providing disadvantaged children access to quality education. Ms. Hermantin currently works with the Children's Trust, Sant La's Leadership Fellows Program, FOKAL, and FIU. Ms. Hermantin holds a Juris Doctorate from University of California at Berkeley as well as a Master's degree in Urban and Environmental Planning. She has served on multiple boards and currently sits on the Center for Haitian Studies' Board of Directors.



Sunday, May 6 / 4 p.m.



Proverbs and Comic Books / Pwovèb ak Liv Ti Komik (Bann Desinen)

COMMUNITY ROOM

Writer **YANATHA DESOUVRE**, author of *Roads to Redemption*, and artist **THOMAS LOGAN**, comic books editor at Sliver of Stone Magazine, will teach aspiring writers and artists how to use proverbs to blend fiction and art in exciting, innovative ways. Participants will learn to collaborate with colleagues who speak different languages of craft. When words and images enter into conversation with each other, what changes occur in both art forms? How is the creative experience altered? Desouvre and Logan will explore these questions and discuss how the two art forms, when informed by Haitian proverbs, can compliment, complete, and even translate each other.

*Sa ki fè pwovèb ayisen yo bèl se poutèt sajès ak verite invèsel yo. Ekriven **YANATHA DESOUVRE**, otè *Roads to Redemption*, ak atis **THOMAS LOGAN**, editè liv ti komik yo nan Sliver of Stone Magazine, pral montre ekriven ak atis annèb yo kijan pou yo sèvi avèk pwovèb pou melanje fiksyon doze ak atizay. Patisipan yo pral aprann kolabore avèk kòlèg ki pale diferan langaj atistik. Lè mo yo ak imaj yo antre an konvèsayon youn ak lòt, ki chanjman ki fèt nan toude fòm atistik yo? Kijan eksperyans kreyatif la modifieye? Desouvre ak Logan pral eksploré kesyon sa yo epi diskite kijan de fòm atistik yo, lè yo pran an kont pwovèb ayisen, kapab amonize, konplete, epi menm tradui youn lòt.*

YANATHA DESOUVRE is an educator and public speaker born in Port-au-Prince and raised in Brooklyn and Philadelphia. He has taught at Miami Dade College and



Chestnut Hill College. His latest literary work is titled *Revelations: Roads to Redemption*. For more go to yanatha.com.

YANATHA DESOUVRE se yon anseyan ak yon oratè ki te fèt Pòtoprens epi leve nan Brooklyn ak Philadelphia. Li te resevwa yon diplòm lisans nan jesyon administratif avèk yon konsantrasyon sou jesyon sistèm enfòmasyon ak maketin nan men Drexel University. Li te resevwa yon metriz, avèk konsantrasyon sou maketin, komunikasyon de mas, ak jesyon medya, nan men Lynn University. Li anseye nan Miami Dade College ak nan Chestnut Hill College. Dènye èv literè li a gen pou tit *Revelations: Roads to Redemption* (2018). Pou plis enfòmasyon sou otè a epi pou envite li vin pale nan okazyon espesyal, al sou yanatha.com.

THOMAS LOGAN is an Irish-American hardcore gamer and professional artist who lives in Miami. His artwork has been widely displayed in South Florida. He's a comic book collector with a degree in Computer Art and Animation. He was the co-founder and creative director of the now defunct PaperVoxels.com. He's a Geek culture editor at *Sliver of Stone Magazine*.



THOMAS LOGAN gen rasin li nan peyi Ilann e nan eta Virginia, men se Miami li leve. Li se yon jwè videoyo pasyone ak yon atis pwofesyonèl ki rete nan Miami. Èv da li ekspoze toupatou nan Sid Florida. Pastan li se gade lit WWE ak TNA, jwe Magic: The Gathering, epi mete nouvo tatou sou kò li. Li koleksyoné liv ti komik/bann desinen epi li gen yon diplòm nan lèza ak animasyon sou òdinatè. Li te ko-fondatè ak direktè kreyasyon PaperVoxels.com, yon sit wèb ak pòdkas sou jwèt videoyo ki pa la ankò. Li se redaktè anchèf pou kilti pasyon teknoloji a nan *Sliver of Stone Magazine*.

Sunday, May 6 / 4 p.m.

Haiti: Zombification and Identity / Ayiti: Zonbifikasyon ak Idantite

AUDITORIUM

In this panel, three authors and scholars will take a scientific, economic, political and socio-religious approach in exploring and demystifying the concept of zombification as part of Haiti's cultural and religious identity, making it accessible for all. With Dr. **JEAN FILS-AIMÉ**, author of 200 Years of Zombification and Vodou, *je me souviens*, Dr. **JERRY GILLES**, author of Remembrance: Roots, Rituals, and Reverence in Vodou, and **FRANTZ-ALIX LUBIN**, author of *Le Processus de Zombification en Haïti*. Moderated by **FABIENNE JOSAPHAT**, author of Dancing in the Baron's Shadow. **In Haitian Creole, with simultaneous interpretation in English.**


*Nan peyi Ayiti, anpil moun kwè mò konn leve. Gen lòt moun ki wè zonbi kòm yon metafò pou reyalite tètchaje kowonpi yo nan peyi a: pou pèt kontwòl — oswa sa ki pi mal, pèt lafwa ak lespwa — ki se eksperyans moun lavi difisil kenbe nan yon eta ebete. Nan panèl sa a, gen twa otè ak entelektyèl ki pral pran yon apwòch syantifik, politik, ekonomik ak sosyo-reliye nan eksplorasyon ak demistifikasyon konsèp zonbifikasyon an nan kad idantite kiltirèl ak reliye peyi Ayiti, yon jan pou tout moun konprann li. Avèk Dtè. **JEAN FILS-AIMÉ**, otè 200-an Zonbifikasyon ak Vodou, *je me souviens*, Dr. **JERRY GILLES**, otè Remembrance: Roots, Rituals, and Reverence in Vodou, ak **FRANTZ-ALIX LUBIN**, otè *Le Processus de Zombification en Haïti*. Moderatè: **FABIENNE JOSAPHAT**, otè A l'ombre du Baron. An kreyòl ayisyen, avèk entèpretasyon nan lang angle.*

JEAN FILS-AIMÉ

holds a Master's Degree from McGill University in Medieval History and a Ph.D. in Theology from the University of Montreal. Fils-Aimé advocates for the importance of Voodoo in Haitian culture. He has made Voodoo a weapon of opposition, a therapy for the people, and maintains that Voodoo is a religion advocating love and charity. His book, *Vodou, je me souviens*, is a genuine plea for Haitian culture and identity, as well as the gateway to new theological and ethnological debates.



JEAN FILS-AIMÉ gen yon metriz Invèsite McGill nan Listwa Mwayennaj epi li resevwa yon doktora nan Teyoloji nan men Invèsite Montreal. Li se yon espesyalis nan relasyon ki genyen ant lafwa ak lakilti. Memwa li a te gen kòm sijè Refòm Pwotestan an ak Kont-Refòm Katolik la pandan 21yèm syèk la. Jean Fils-Aimé montre enpòtans vodou nan kilti ayisyen an. Li fè vodou vin yon zam rezistans, yon terapi pou pèp la, epi li afime vodou se yon reliyion ki preche lanmou ak lacharite. Liv li a, *Vodou, je me souviens*, se yon pledwaye toutbon pou kilti ak idantite ayisyen, epitou li ouvè chimen sou nouvo deba teyolojik ak etnolojik.



Dr. JERRY M. GILLES is the author of *Remembrance: Roots, Ritual, and Reverence in Vodou* (Bookmanlit, 2009). Gilles' formal training is in medicine. His great-grandfather was a traditional Haitian healer, who treated with herbs what Dr. Gilles now treats with pharmaceutical products often

derived from those same herbs. Dr. Gilles is an associate professor who has published in numerous peer review journals including the *New England Journal of Medicine*. He is a graduate of Columbia University and SUNY at Stonybrook.

Dr. JERRY M. GILLES se otè Sèvis Ginen : Rasin, Rityèl, Respè nan Vodou. Dr. Gilles resevwa fòmasyon nan domèn lamedsín. Papa granpapa li se te yon doktè fèy ki te trete maladi avèk plant ; se menm maladi sa yo Dr. Gilles ap swaye jodia avèk remèd ki abaz menm plant sa yo. Vodou se yon fasinasyon pou Dr. Gilles paske Vodou se yon kalbas konesans, kilti, ak kwayans ki sòti depi Lafrik pou rive peyi Dayiti. Dr. Gilles se yon pwofesè adjwen ki piblilye nan plizyè gwo jounal, tankou paregzanp *New England Journal of Medicine*. Li gradye Columbia University ak SUNY nan Stonybrook.



FRANTZ-ALIX

LUBIN is a Frères de l'Instruction Chrétienne (FIC) alumnus. He's earned a Bachelor's degree in Anthropology from the State University of Haiti and a Bachelor's degree in Tropical Agronomy from the American University in Les Cayes. He has published numerous articles in *Le Nouvelliste*, and has worked as a consultant for the Haitian Government and other agencies. Mr. Lubin teaches at the State University of Haiti, and he's the former General Director of the Cayes City Hall. The author of an anthropological essay, *Le processus de zombification en Haïti*, he has given many conferences in Haiti, France, and Belgium.

FRANTZ-ALIX LUBIN, se yon ansyen elèv Frè Enstriksyon Kreyèn (FIC). Li gen yon diplòm lisans nan antwopoloji (Invèsite Deta Dayiti) ak yon lisans nan agwonomi twopikal (American University of Les Cayes). Li te fè klas achitekti nan Université G.O.C nan Pòtoprens. Frantz A. Lubin te etidye komunikasyon de mas tou epi li fè estaj sou plato Televizyon Deta a, nan Pòtoprens. Frantz A. Lubin piblilye yon bann atik sou sijè sosyoloji ak antwopoloji nan kolòn jounal kotidyen ki pi ansyen nan peyi Dayiti, *Le Nouvelliste*. Li te travay kòm konsiltan pou kèk òganis ak ministè Gouvènman Republik la. Onon National Democratic Institute (NDI), li pwodui yon rapò sosyo-ekonomik referans sou posibilité mete yon ayewopò entènasyonal nan Sid Ayiti. Mesye Lubin ap anseye nan Invèsite Deta Dayiti epi li se ansyen Direkètè Jeneral nan Meri Vil Lékay. Sou sijè esè antwopolojik li a, *Le processus de zombification en Haïti*, Frantz Alix Lubin pale nan anpil konferans nan peyi manman li, ak nan peyi Lafrans ak Belgik.

FABIENNE

JOSAPHAT is the author of *Dancing in the Baron's Shadow*, a debut novel released with Unnamed Press. Her essay, "Summer is an Empty House," recently made the Notable Essays mentions in Best American Essays 2016. Her work was recently featured in *TeenVogue Magazine*, as well as in *Eight Miami Poets*, a Jai-Alai Books poetry anthology. She lives in South Florida.



FABIENNE JOSAPHAT se otè A L'Ombre du Baron. Èv li te parèt sa pa fè lontan nan *TeenVogue Magazine*, epitou nan *Eight Miami Poets*. Li rete nan Sid Florida.



would like to thank our sponsors



Angelo E. Gousse, MD
Memorial Hospital Miramar
MEDICAL OFFICE BUILDING
1951 SW 172 Ave, Suite 305
Miramar, FL 33029



Commissioner
Jean Monestime
District 2




District 5 Commissioner
Keon Hardemon



With the support of the Miami-Dade County Department of Cultural Affairs, the Cultural Affairs Council, the Mayor, and the Miami-Dade County Board of County Commissioners.

and supporters



for helping to make the 2018 Little Haiti Book Festival a success!

MIAMI DADE COLLEGE DISTRICT BOARD OF TRUSTEES

Bernie Navarro, Chair • Marili Cancio, Vice Chair • Daniel Diaz Leyva • Jose K. Fuentes • Benjamín León III • Dr. Rolando Montoya • Juan C. Zapata

Eduardo J. Padrón, President, Miami Dade College

Miami Dade College is an equal access/equal opportunity institution and does not discriminate on the basis of sex, race, color, marital status, age, religion, national origin, disability, veteran's status, sexual orientation or genetic information. Contact the Office of Director, Equal Opportunity Programs/ADA Coordinator, at 305-237-2577 for assistance.